ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№133 (23.947) ● 2019 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 6, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулІныгъэхэм папщІэ икІи илъэс куэд ІьандзрэхьэлІэу зэрылажьэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Меликьянц Галинэ Семён и пхъум - къалэ зэхуаку, къэрал зэхуаку электрическэ связымкІэ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм телекоммуникацэхэр Іэпэжьэныжьмкіэ и стационар къалэ техническэ центрым и унафэщІым

Сунш Сэфарбий Іабубэ и къуэм - «Федеральнэ гъэзу агентствэм «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзугъэхэмкІэ и управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и къудамэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІым

Елмэс Руслан Хьэсэнбий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпІыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и информацэ-аналитикэ департаментым къэрал Іуэхутхьэзэхэмрэ ведомствэ зэхуаку зэдзлэжьэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщІын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

Бапинаев Марат Кемал и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм лъэнтхэу хирургиемкІэ и къудамэм и дохутыр, гу-лъэнтхэу хирургым

Маржохъу Иринэ Владимир и пхъум - «Гъэзэгъэу медицинэмрэ медицинэ дзІэпІыкъуныгъэ псынщІэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм анестезиологиемрэ реанимацэмкІэ и гупым и дохутырым - анестезиологым-реаниматологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Щоджэн Мадинэ Назир и пхъум - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №2» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и медсестра нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхьэм Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Хаджиев Юсуп Жунус и къуэм - «Промстрой» трест» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къудзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Кулюшин Александр Павел и къуэм - «Спорт-адаптивнэ школ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик»

Романов Сергей Николай и къуэм - «КъэббалъкъкоммунэнэргО» муниципальнэ унитар Іуэхущ1апІэм трансформатор подстанцэхэмрэ энергие зэхэкІыпІэхэмрэ гъэлэжьэныкІэ, зехьэныкІэ, гъэувыныкІэ и участкэм и етхуанэ гупым и электромонтёрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 5-м
№995-УГ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм ядиригъэкІуэкІащ абыхэм нэхъ пасэу ярита пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «къэпщытэныгъэ сыхьэт» мардэм иту Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ щыналъхэзэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ езыр жыгхэхэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыкІуам щыпІэхэм икІэщІыпІэкІэ щыІэзфІэгъэкІын хуейуэ къильыта къалэнхэмрэ пщэрылъ ящищІахэмрэ гъэзэщІа зэрыхъум. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

ЗЭХУЭСЫМ къыззрыщыхагъэщамкІэ, къагъэнэжьа гугъуехьхэм ящыщ зыбжанэм хэкІыпІэхэр къыхуагъэтащ. Псалъэм папщІэ, хэпщІыкІыу щІагъэхуэбжащ муниципальнэ гъэугъэр зэгъэпэщжьныж хуэгъэзза лэжьыгъэр, Іэтащхьэм пщэрылъ къаззрыщищІам инкъ иткІэ республикэ бюджетым къыхаха мылъкуКІэ ирагъэкІуэкІыр, апхуэдэуи щІадзэжауэ и кІэм нагъэсыж Прохладнэ къалэм щахуэр спорт-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр уэхэнр, 2020 гъэм тещІыхьа «Къуажэ щІыналъэхэм зэдзууэ зегъэужьын» къэрал программэм хагъэхащ Май къалэм фІей щІэжьпІэхэр щыхуэныр.

Апхуэдэу щытми, республикэм и УнафэщІым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ ягъэува къалэн псоми унафэ зэрытрамыщІыхьам: «ПщэрылъхэмящыщІ Іыхьэм адэкІи ди нэІэ ятедгъэтын хуей мэхъу. Абыхэм ятеухуауэ дэ къытІэрыхьа хъыбарым Іэмал къыдитыркъым Іуэхур зэфІэкІауэ къэтлъытэну. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм арэзы утехъуэ хъунукъым, сыту жыпІэмэ къалэныр зэфІэгъэкІа хъуакъым. Іуэхур зэрызэфІэкІар абы кърикІуам нахуэ къищІу щытын хуейщ. Къыщыхъу щыІэщ ГъэзэщІакІуэ властым и органэмрэ щІыпІэ администрацэхэмрэ тэмэму щызэдэмылажьэ - Іэмал имыІэу Іуэхум псори зэдгегупчын хуейщ», - къыхигъэщащ Къуэкіуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэм дыщІигъуащ зыхуэфащэ къэрал программэхэмрэ проектхэмрэ щІыхухэм я зэхуэмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ1апІэхэр ухуэнырэ я зэгъэпэщжьныр хагъэхьэн папщІэ проект-сметэ тхылъхэр гъэхьэзэрынми гулъытэ хэха зэрыхуэщІыпхъэр. ЩІыпІэ администрацэхэм я мылъкур мыбдежым щахуримыкъыр нэхъыбэщ. КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм пщэрылъ щищІащ 2020 гъэм мы Іуэхумкіэ муниципалитетхэм зэрызащІигъэкъуэн Іэмал къиГуэтыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ дзюдомкІэ къэрал зэхуаку зэпеуэм и къыззгъэпэщакІуэхэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щахуэзащ Урысейм и «Локомотив» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Голдобин Андрей, Урысейм и «Локомотив» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Нагорных Юрий, «Промсвязьбанк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэм и правленэм и тхьэмадэ Фрадков Пётр, «Локомотив-Гринхилл» дзюдо клубым и президент, Олимп Джэгухэм хэта, дзюдомкІэ Урысейм, Европэм я чемпион Джэданэ Алим сымэ.

ЗэІущІэм къырихьэлІахэм фІэкъэбзэ псалъэхэр яжриІэри, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ дзюдор Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм, дуней псом щыгъэзІыжьыкІэ ин зэрабгъэдэлъыр. «Дзюдор фІыуэ зыльаГу псоми я щІэкІэ спортсменхэми фэри фІыщІэ фхузощІ а спорт лІэужьыгъуэм зегъэужьыным куэд зэрыхэфщІыхьам папщІэ. Иджыпсту абы дихьх щІалэрыуалэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Хуабжьу гуапэщ тэмэму къыззэгъэпэща мы спорт зэхьэзэхуэр зэкІэлъыкІуэу иджы еплІанэу Налшык зэрыщекІуэкІыр», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щэкіуэгъуэм и 6, *бэрэжьей*

♦Дыкъэзыуухъуреихь дунейм и хъугъэфІыгъуэхэр зауэ щекІуэкІым деж къэзмыгъэсэбэлъным и дунейпсо махуэщ

♦Тэтэрстаным и Конституцэм и махуэщ

♦1492 гъэм Колумб Христофор и нэгу щІэкІащ индейцхэм я хабзэ гъэщІэгъуэн дыдэ къыщыхъуар - тутын ефэнырь. ИлъэсиплІ нэхъ дэмыкІыу тутыныр Европэм щащІэу хуэжьащ, ауэрэ дуней псом щыэлъэлъщы-сащ. Урысейм ар 16-нэ лІэщІыгъуэм и апэ Іыхьэм къращащ.

♦1731 гъэм Урысейм и Министрхэм я Кабинет къызэрагъэпэщащ. Абы хагъэхьат Черкасский Алексей (адыгэщ).

♦1736 гъэм Ломоносов Михаил Германием и Марбург университетым щІэтІысхьащ.

♦1887 гъэм Шотландием и «Селтик» футбол клубыр къызэрагъэпэщащ.

♦1930 гъэм Москва лажьэу щаутІыпщащ автомобиль щызэпкърыхьэ заводыр.

♦1941 гъэм, Утыку Плъыжьым щекІуэкІыну парадышхуэм и пэ къихуэу, Сталиным совет цІыхубэм захуигъэзащ, къэралыр нэмыцІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм щыхьэумэным къыхуриджэу.

♦1957 гъэм Ленинград и Марс губгъуэ жьыхуаІэ щыпІэм деж щыпагъэнащ СССР-м щыяпэ МафІэ мыуэжьыр.

♦1943 гъэм Украинэм и къалащхьэ Киев нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщІащІэгъэкІыжащ. Советыдзэхэр икІуэту ар бийм иратын хуей хъуат 1941 гъэм фокІадэм и 26-м.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Президент Ельцин Борис и унафэкІэ КПСС-мрэ Урысей Федерацэм и Компартымрэ зэхуащІыжауэ щытащ.

♦2012 гъэм США-м и президент Обамэ Барак къэралым и унафэщІ къулыкъум етІуанэу хахьжащ.

♦Уэсмэн пащтыхыгъуэм и дзэ къулыкъущІэ, маршал, зыхъумэжьныгъэмкІэ, хамэ къэрал Іуэхуэмкіэ министру щыта **Абыкъуэ Ахьмэд-пащэ** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыкіалъэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **ПащІэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр цІэрыІуэ, сценарийхэр зыгъэзыхьыр, УФ-м и цІыхубэ и артисткэ **Суриковэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Быж Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 7, *махуэку*

♦Урысейм 1917 гъэм щекІуэкІащ Жэпуэгъуэ революцэшхуэр

♦Белоруссием щагъэлъапІэ Жэпуэгъуэ революцэм и махуэр

♦1918 гъэм Совет Урысейм япэ маркэхэр къыщыдагъэкІащ.

♦1928 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьэн щыщІидзащ Акъбащ ГЭС-м.

♦1928 гъэм яутІыпщащ щІыдагъэ зэрыкІуэ Грозный - Туапсе бжьамийр, километр 618-рэ зи кІыхьагъэр.

♦1941 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Полкхэр абы икІри, занщІэу зауэм Іухьауэ щытащ.

♦Франджы физик, химик цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфащэ **Склодовская-Кюри Марие** къызэралъхурэ илъэси 152-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, «Чапаев» роман цІэрыІуэр зи Іэдакъэщ1экІ **Фурманов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Зелёная Ринэ** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Милляр Георгий** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Камю Альбер** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ **ЕхъулІэ Сэфар** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, журналист **Щоджэнцыкіу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КЪБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Быгуэ Хьэзрэталий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Пётр** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, журналист, жыларІуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦АР-м и япэ президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УэрэджьыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **Анзорыкъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ТхакІуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал, дзэ къулыкъущІэ, генерал-полковник, Совет Союзым и ЛІыхьэжь **Громов Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсмен, бэмакІуэ цІэрыІуэ щыта, Олимп Джэгухэм тІэунейрэ щытекІуа **Ярыгин Иван** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Козак Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулІныгъэхэм папщІэ икІи илъэс куэд ІьандзрэхьэлІэу зэрылажьэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Меликьянц Галинэ Семён и пхъум - къалэ зэхуаку, къэрал зэхуаку электрическэ связымкІэ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм телекоммуникацэхэр Іэпэжьэныжьмкіэ и стационар къалэ техническэ центрым и унафэщІым

Сунш Сэфарбий Іабубэ и къуэм - «Федеральнэ гъэзу агентствэм «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзугъэхэмкІэ и управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и къудамэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІым

Елмэс Руслан Хьэсэнбий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпІыкъуныгъэмкІэ и министерствэм и информацэ-аналитикэ департаментым къэрал Іуэхутхьэзэхэмрэ ведомствэ зэхуаку зэдзлэжьэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщІын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

Бапинаев Марат Кемал и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм лъэнтхэу хирургиемкІэ и къудамэм и дохутыр, гу-лъэнтхэу хирургым

Маржохъу Иринэ Владимир и пхъум - «Гъэзэгъэу медицинэмрэ медицинэ дзІэпІыкъуныгъэ псынщІэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм анестезиологиемрэ реанимацэмкІэ и гупым и дохутырым - анестезиологым-реаниматологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Щоджэн Мадинэ Назир и пхъум - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №2» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и медсестра нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхьэм Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Хаджиев Юсуп Жунус и къуэм - «Промстрой» трест» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къудзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Кулюшин Александр Павел и къуэм - «Спорт-адаптивнэ школ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик»

Романов Сергей Николай и къуэм - «КъэббалъкъкоммунэнэргО» муниципальнэ унитар Іуэхущ1апІэм трансформатор подстанцэхэмрэ энергие зэхэкІыпІэхэмрэ гъэлэжьэныкІэ, зехьэныкІэ, гъэувыныкІэ и участкэм и етхуанэ гупым и электромонтёрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 5-м
№995-УГ

● Дзюдом и махуэшхуэ

Дунейпсо зэхьэзэхуэр Налшыкъэзіуах

ЩэкІуэгъуэм и 1 - 4-хэм «Гладиатор» спорт комплексым щекІуэкІащ дзюдомкІэ «Кубок Вызова Локомотив» V дунейпсо зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэси 10 - 13-м ит Урысейм и щІыналъэ 27-м щыщ спортсменхэмрэ хамэ къэрал 12-м къикІа дзюдоистхэмрэ, псори зэгъусэу 1000-м нэблагъэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэригъэпэщащ «Локомотив Грин-Хилл» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм. Ар диІыгъащ икІи щІэгъэкъуэн хуэхъуащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм.

Спортсмен ныбжьыщІэхэм екъуэхьуну икІи ахэр трагъэгушхуэну зэхьэзэхуэр къыщыдзэІухым къырихьэлІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, «Локомотив» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Голдобин Андрей**, «РЖД» ОАО-м и тхьэмадэм и чэнджэщэгъу **Нагорных Юрий**, «Промсвязьбанк» ПАО-м и правленэм и пашэ **Фрадков Пётр**, Урысейм дзюдомкІэ и федерацэм и вице-президент, Олимп Джэгухэм тІэунейрэ къыщыхэжаныкІа, Урысеймрэ Европэмрэ зыбжанэрэ я чемпион **Тменов Тамерлан** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Спорт комплексым щІэсхэм ІэгуаэзэхуэкІэ къэрагъэблагъэ зэхьэзэхуэр къыщызэІухуакІэ къыхьэлІа Олимп чемпионхэу **Галстян Арсен, Исаев Мансур, Мудрэн Беслъэн, Хъущт Аслъэнбэч, Халмурзаев Хьэсэн** сымэ.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ! ПщІэ зыхуэтщІ ди хьэщІэхэ! Псом япэрауэ, нобэрей зэхьэзэхуэм хэтхэмрэ ди хьэщІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм фыкъыщыізогъэблагъэ. Иджыпсту зэпеуэр ди республикэм еплІанэу щокІуэкІ. Ди дежьэ пщІэзыхуэщ икІи жэуапІныгъэшхуэ зыпылъщ мыхьэнэшхуэ зиІэ мыпхуэздэ дунейпсо зэхьэзэхэр едгъэкІуэкІыныр. Ди щІалэрэуалэм, сабийхэм зыкъагъэлъэгъуэну, зауэжьыну Іэмал зэрыратам къыхэкІыу фІыщІэ яхузощІ мы зэхьэзэхуэм и къызэрэзэпэщакІуэхэм. Си фІэщ мэхъу нобэрей зэпэщІэтынигъэхэр удэзыхьэхыу, дахэу, пэжу зэрекІэжькІынур. Дэтхэнэми екъулІныгъэ иІэну сыныбжьхуэхьэу. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэри гъашІэ уэзынцІэ ехьэжІыным къыхуеязидж, зезыгъэужь Іуэхуэгъуэщ. Нобэрей зэхьэхьэри сэбэн хуэхъун хуейщ ди республикэм и мызакъуэу Урысей псом спортым зыщІужьыным, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КІуэкІуэ Казбек.

Адэкіэ псалъэ ираташ Нагорных Юрий: «ПщІэ зыхуэтщІ спортсменхэ, тренерхэ, хьэщІэхэ, «Кубок Вызова-Локомотив» дзюдомкІэ V дунейпсо зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакІуэхэ! Нобэрей зэхьэхьэ зыхуэбгъэдэн щІыІэкъым, - жиІащ абы - фІыщІэ яхузощ хэгъэрейхэм республикэм и къэщІэхэр гуапэу, Іэтауэ къызэрыраГъэблэгъам къыхэжІыу. Нобэрей зэхьэзэхуэм ди къэралым и дзюдом и къэкІуэнуэр щызэхуэсащ. НыбжьыщІэхэ, фэ къыхэфха спорт лІэужьыгъуэр нэхъыфІхэм ящыщщ. Дзюдом фыхуигъэсэнщ гушхуэныгъэ фхэлъу, зэгъэкІуауэ фыгупсысэну, Іэкіуэлъакіуэу фыкъэхъуну, фи хьэрхуэрэгъум, фи щхьэм пщІэ хуэфщІыну, къалэн зыхуэзгъэувыжрэ, абы ерыщу фыхуэкІуэфу. ФІыщІэшхуэ яхузощІ зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщащэмрэ ар дзэзыІыгъэхэмрэ. ФІыщІэ щхьэхуэ хуэфащэщ мы зэхьэхьэр ипэм къыщыщІэдзауэ иджыри къыздэсым си пщэ дэлъа, ар зэгъэкІуа хъуным псэемыблэжу телэжьа Джэданэ Алим. Нобэ мы пэшым щІэсщ дзюдоист цІэрыІуэхэр. Абыхэми я цІэр щхьэхуэу къитІуэну къалэжьащ. «Кубок Вызова-Локомотив» дунейпсо зэхьэзэхуэр Налшык щегъэкІуэкІынур хабзэ дахэ хъуащ. Адэкіи къыкІэлъыкІуэ дахэ абы иІэну си гуапэщ».

- Урысейм щыщхэм къищынэмыщІауэ, хамэ къэрал куэдым къикІа дзюдоист куэд нобэ алэрыбгъуэхэм къыхтехэнущ. Дэ къыдбгъэдэкІыу сыт и лъэныкъуэкІи мы Іуэхугъуэр дэтІыгъынущ. Адэкіи Налшык а зэхьэзэхуэм зыщижьыну си гуапэщ, - жиІащ зэІущІэр къыщыізэІуихым Фрадков Пётр.

Тменов Тамерлан къеджащ Урысейм Дзюдомкіэ и федерацэм и президент Анисимов Василий зэхьэзэхуэм хэтхэм ящыщ ныбжьыщІэхэм я ныбжьыр зэрыратам къыхэкІыу фІыщІэ яхузощ мы зэхьэзэхуэм и къызэрэзэпэщакІуэхэм. Си фІэщ мэхъу нобэрей зэпэщІэтынигъэхэр удэзыхьэхыу, дахэу, пэжу зэрекІэжькІынур. Дэтхэнэми екъулІныгъэ иІэну сыныбжьхуэхьэу. Сыт хуэдэ зэхьэзэхуэри гъашІэ уэзынцІэ ехьэжІыным къыхуеязидж, зезыгъэужь Іуэхуэгъуэщ. Нобэрей зэхьэхьэри сэбэн хуэхъун хуейщ ди республикэм и мызакъуэу Урысей псом спортым зыщІужьыным, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КІуэкІуэ Казбек.

Иреблэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и вагъуэр!

Ди газетым зэрытетащи, махуэ зыбжанэ ипэкІэ Зеикъуэ къуажэм и курыт еджапІэ №2-м зэхъыбэ гуапэ щекІуэкІащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд къызэраліухурэ илъэс 90 зэрикъум ехьэлІауэ. «Зи гъащІэр дыгъ бзийуэ зыгуэша» зыфІаща пшыхьым зыкъзрезыгъэхъуа цІыхухэм яхэтт Мухьэмэд и цІыху щыкІэу, и цІыху хэтыкІэу щытам теухуауэ жызыІэн зи кУэд нэхъыжьыфІхэр.

- КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд худиІэ лъагъуныгъращ, абы лъэпкым къыхуигъэна мыльку мыкІуэдыжьнращ мыбдежьым щІэсхэр дыззэшыэлІар, - къыхигъэщащ зэІущІэр езыгъэкІуэкІа, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист ХьэмырзэАхьмэд. - ФІыщІэ яхуэфащэщ фэеплъ махуэр къызэзыгъэпэщащэм, ди гум илъ фІыхэр ди тхакІуэшхуэм хужьитІэну Іэмал къыдэзытахэм.

Бахъсэн ауэым дэс къуажэ ринэ гъэхуауэ тепсэлъыхьащ Къэрмокъуэм и гъащІэмрэ и гъащІэмрэ.

Зеикъуэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къэрмокъуэ Гъумар** хьэщІэхэми жылэм и нэхъыжьыфІу пшыхьым кърихьэлІахэми фІэхъус ярихащ, Къэрмокъуэм, абы и фэеплъым пщІэ хуащІу къызэрыкІуам зы пщІэ гъэсыным фІыщІэ инхуищІащ. «Къэрмокъуэхэ сащыщыщкІэ, зыбжанэкІэ гъэбзгъуауэ си гуапэщ Мухьэмэд хуэдэ цІыху щыгъуэ джащ ди лъэпкым къызэрыхэкІар, жылэм къызэрыдэкІар», - жиІащ Гъумар.

ХьэщІэхэм ящыщу ятІ псалъэр иратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Дэтхэнэ къэкІыгъэми езым и гъащІэ иІэжщ, апхуэдэ дыдэ гъащІэ щихуми иІэщ. Гу лъыфтагъэнщ: щихур жьы щыхъум и деж зы кУдамэр гуэгъукІым къыгуэхум, адрейр гъум къыгуэщэтурэ жыгыр малІэ. Къэрмокъуэ Мухьэмэд хиса щихур сытым щыгуи кІынущ, сыту жыпІэмэ тхылъыр зыгуэрым къызэгуихьыу еджэн зэрыщидзэу лъагъуныгъэ къабзэм, дахагъэм я жылэу я жыгым пытыр щІыхум и гум йотІысхьэри, дахащэу къызэрытІэпІыкІын щІедзэ, - жиІащ министрым. - Повесту кьежьэу роман хъужа тхыгъэм хуабжьу щІэ дахэ фІищащ Къэрмокъуэм. Апхуэдэу дахэу, екІуу, кьабзэу, зэІухауэ, абы щыгъуэми щІапІагъэм хуэмыкІуэу лъагъуныгъэм тетхьыха абы ипэкІэ щыІауэ кьысхуэщІэжьыркъым. Ар зыхуэзфІэкІа Мухьэмэд пщІэ кьелэжьыр, а пщІэм щыщ зы мы къуажэм щыхуэфщІу аращи, фи гулъытэр ин, лъагэ тхьэм ищІ. ЦІыху цІэрыІуэ кУэд Зеикъуэ къыщыдэкІар а жылэм щыщ я гум, я псэм хэхуауэ армырауэ пІэрэ?!

- Мухьэмэд лъагъуэфІ къытхуигъэнащ. Псэм дыхьэу, псэм фІыуэ илъагъуу щытащ. Сэ сригъэджащ Мухьэмэди, дерсыр щыщІидзэм и дежи зэпымыуэ къыджиІэрт пщы дымыгупсыну, пэжым дытетыну, нэхъыжьмэ нэхъыщІэми пщІэ хэзгъэр дгъэлъэгъуэну. Езыр адэкІи-мыдэкІи емыбакъуэу а жыхуиІэхэм тет цІыху гъэщІэгъуэнт. Абы къыщинэмыщІауэ, оценкитхум щыщу «зымрэ» «тІумрэ» зэи игъэувыртэкъым абы, уеблэмэ «щыр» кьехьэлъэкІыпэут зэригъэувыр. АпхуэдизкІэ адыгэ лъэпкыр фІыуэ ильагъунэ, хужиІэмкІэ зигъэнщІыртэкъым, ди нэмысыр зыпищІ щыІэхэстэкъым, - жиІащ къыщыпсалъэм Зеикъуэ Нэхъыжьхэм я советым и унафэщІ **Мэршэнкъуэ Хьэсэнбий**.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** къыщыпсалъэм кьыхигъэщащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «ЦІихухэр иджыри мэкІ» романыр урысыбзэкІэ зэрадзэкІауэ Москва мин 50 хъууэ къыщыдэкІауэ зэрыщытар, илъэс нЫкъуэ щыдэкІам а тхылъыр кьащхуну Урысей псом щамыгъуэтыж хъуауэ зэрыщытар. Абы кьызэхуэсахэм яригъэщІыхуащ зэІущІэм кьрихьэлІа хьэщІэхэр, Мухьэмэд и къуэшитІым фІэхъус гуапэ ярихри, Къэрмокъуэм и фэеплъу Хасэм ириГэщІа фэеплъ бгъэхэІухэр (зыщІар Тхьэкъуахъуэ Іуесщ) зыхуэфащэхэм лъагъэІэсын папщІэ Хьэмидрэ Къэралбийрэ яритащ. Хьэфыщіэм жиІащ Мухьэмэд и Іуажэгъуу, лэжьэгъуу зэрыщытам кьыдэкІуэу, пщІэ зыхуищІ зы мы къуажэм щыхуэфщІу аращи, фи гулъытэр ин, лъагэ тхьэм ищІ. ЦІыху цІэрыІуэ кУэд Зеикъуэ къыщыдэкІар а жылэм щыщ я гум, я псэм хэхуауэ армырауэ пІэрэ?!

- Мухьэмэд лъагъуэфІ къытхуигъэнащ. Псэм дыхьэу, псэм фІыуэ илъагъуу щытащ. Сэ сригъэджащ Мухьэмэди, дерсыр щыщІидзэм и дежи зэпымыуэ къыджиІэрт пщы дымыгупсыну, пэжым дытетыну, нэхъыжьмэ нэхъыщІэми пщІэ хуэтщІыну, адыгэ хабз

Абы и цIэр лъэпкъым зэи щыгъупщэнукъым

Адыгейм и япэ Президент Джарым Аслъэн илъэс 80 ирокъу

Ныбжьк1э илъэс бжыгъэ дахэм ущынэскIэ, уи гъащIэ гъэзэгуанэм уроплъэкри, къызэбнэкIар зыхуэдэр къызэщIыбокъуэж, абы щыгъуэми къэкIуэнум мурадыфIхэр хуэзэпшIэу лъэхъэнэщIэм ухобакъуэ.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 7-м ди республикIм и мызакъуэу, Краснодар крайми Кавказ Ищхьэрэм хьыбэ щIыналъхьэми щагъэлъапIэнущ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиI э махуэр - Адыгэ Республикэм и япэ Президент Джарым Аслъэн и юбилейр.

Абы и гъащIэ гъэзэгуанэр си нэгу къыщIэзгъэхьэжкIэрэ, лIэщIыгъэ нык1уэ хьуауэ дызэроцIыхури, щэч къытеэмыхьэу схужыIэнущ Джарым Аслъэн и щIалэгъуэм щегъэжьауэ сытым дежи пашэу зэрыщыстар, жэуапIныгъэшхуэ, цIыхугъэ лъагэ хэлъу, лэжьакIуэ емызэшыжу, унафэ тэмэм ищIыфу къыз3рыгъуэгурык1уар.

Джарымыр Куэщхьэблэ районым хьыхьэ Еджэрык1уэй жылэм щыщщ. Абы и адэ-анэр къыз3рыгуэкI колхоз лэжьакIуахэт. Зи сабиигъуэ лэжьыгъэм драгъэхьэха щIалэм гъащIэм ар куэдкIэ къыщыхуэщхьэпэжащ.

Сыт и лъэныкъуэкIи зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ цIыхуц зыхужаIэхэм хуэдэщ Аслъэн. Абы и студент илъэсхэр икьукIэ гъэщIэгъуэну ек1уэкIащ. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, теплъэ уардэ зиI э щIалэм зэуэ гу лъатат еджапIэ нэхъыщхьэхэм я егъэджак1уэхэми спортымкIэ тренерхэми. А илъэсхэм Джарымыр дихьэхащ спортым ик1и ехьулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхащ. Ар СССР-м самбомкIэ и мастер, Урысейм и чемпион, дуней псом и ветеранхэм я чемпион хьауащ. А Iэхум ар зэрыдихьэхам куэдкIэ и фIыгъэ хэлъщ Адыгейм спортым щигъуэта зыужьныныгъэм.

Джарымым и лэжьыгъэ гъуэгуанэр къыщыщIидзащ «Путь к коммунизму» колхозым. Зыхуигъэвыжа кьалэныр нэсу зэфIихьфу, и мурадхэр зэрызригъэхъулIэн хэкIыпIэхэр кьигъуэтыфу, гъащIэ и пIалъэ зэхигъэкIыфу, лэжьыгъэм хуэжьджэру къыз3рыхуам и фIыгъэщ агроному кьыщIэзыдза щIалэр Адыгэ Республикэм и Президент кьулыкъум нызэрысар.

Лэжьыгъэм фIыуэ хэгъуэза иужь, Аслъэн и щIэныгъэм адэкIэ пищэну мурад ищIри, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ Кубань институтым и аспирантурэм щIэтIысхьащ. А илъэсхэм наIуэ хьуащ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэми ар хъарзынэу зэрехьулIэр. Джарымым щIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу иI эщ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ, щIыналъэ политикэм, къэрал ухуэныгъэхэм теухуауэ тхыльхэри я3эту.

ЩIэныгъэлI, унафэщI, къэзгъэпэщащкIуэ Iэ3эм зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iэухуми зэфIэкI лъагэхэр къыщIэгъэльагъуэу къэгъуэгурыкIуами, абы и ехьулIэныгъэ нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэу Адыгэ Республикэр къызэрыунэхуарщ.

Адыгэхэр лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуащ. е3ым я къэралыгъуэ лIэжьныр я хъуэпсапIэу. Лъэпкъым и ищIабагъ къыздальщ икьукIэ гъуэгуанэ гугъу ик1и хьэлъэ. Абыхэм я щIыналъэм пшэ фIыщIэр куэдрэ къыщхьэщыхьащ ик1и лъэпкъым и щхьэхуитныныгъэм лъыгъажэ зауэр иращIкIыу зи псэр зытахэм я бжыгъэр къыпхуэмылъытэнщ. Сыт хуэдэ зэманми адыгэхэм яхэтащ къэралыгъуэ щхьэхуэ я3ззэзыгъэпэщыну хущIэкъуэхэр. Апхуэдэ я3ныныкъуэ пашэхэм я щIэр тхыдэм къыхэнащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ящыгъупщажьпахэри щы1эщ.

Адыгейм автономие статусыр щратым лъэпкъыр абы зэрыщыгуфIык1ар къыпхуэIуэтэнкъым. Ауэ а унэтIныныгъэм адэкIи зегъэужьын хуейт - иджы республикэ щхьэхуэ зэрыхъуным хущIэкъупхъэт.

ГуфIэгъуэ Iэхур къэхъуащ 1991 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м. Абы щыгъуэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ «Адыгэ автоном областыр Адыгэ Совет Социалист Республикэу зэрыз3рахъуэкIым теухуауэ» унафэр.

Фlыуэ соцIэж: Джарым Аслъэн, а зэманым ди республикэм и япэ Президенту хахат, - РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэIущIэм щIыналъэм и цIэр - Адыгэ Совет Социалист Республикэр - Адыгэ Республикэ фIэщыгъэмкIэ зэрыхъэкIыну къыщыхилъхьауэ зэрыщытар. Iэхур къыдаIыгъащ ик1и 1992 гъэм и гъатхэпэ маазэм Совет Нэхъыщхьэм и япэ сессием республикэм и цIэр хуэужьным теуха унафэр къыщащтащ.

Джарым Аслъэн зи унафэщI Адыгейрщ езым хуэдэ адрей республикэхэм ящащхьэщыкIыу япэу зи Конституцэр къ3эщтар - 1995 гъэм гъатхэпэм и 10-м. Ар и щыхьэтт Адыгейр къэралыгъуэ щхьэхуэ зэрыхъуам. Республикэм иI э хъущащ къэрал дамыгъэ нэхъыщхьэхэр - гимн, нып, герб.

90 гъэхэр ди къэралым и тхыдэм лъахъэнэ хьэлъэу къыхэнащ. Экономикэ щытыкIэр хьэлъэмэ, Джарым Аслъэн республикэм и къэкIуэнумкIэ жэуапIныгъэшхуэ и пщэ дилъхьэжащ. Ар куэдым яхуэзэфIэмыкIын къаланщ. Президенту хаха нэужь абы жиIащ: «Гъэ3эщIакIуэ властым и пщэ кьыдэхуэ жэуапIныгъэр зыхуэдэр сэ фIыуэ къыз3руоIуэ. Адыгейм и къэкIуэнур шэсыпIэ щитым деж, сэ нэгъуэщIу сыпсэуфынкъым.

Адыгейм республикэ статусыр иI э хъуами, ар зыхьхьэу щыта Краснодар крайм хуиI э зэпыщIэныгъэфIхэр зэпыбуд хъунутэкъым. ЩIыналъэм дежкIэ Краснодар крайр илъэс куэдкIэ щIэныгъэ, щэнхабз3, экономикэ центру щытащ. ИкIи апхуэдэ з3хущытыкIэфIыр Джарым Аслъэн зэрихъумэным хущIэкъуащ. Абы и Iуащгъым, акъылыфIагъым, Iэхум политикэ бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыз3рыуигъуэтыфам и фIыгъэкIэ илъэс бжыгъэкIэ з3рагъэпэщащ мэкъумэш, щэнхабз3, унагъуэ, благъэ-Iыхьныгъэ, з3ныбжьэгъуГъэ з3пыщIэныгъэфIхэр я3фIэмыкIуэду Адыгейр Краснодар крайм къыхэкIыфащ. «Дыкъыфэжкlми, дыкъонэ?!», - жиIэу Джарымым абы щыгъуэм жиIа псалъэ шэрыуэхэм мыхьэнэшхуэи я1эт, купщIэшхуэи ящIэлът. Урысей Федерацэм щыяпэу Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я щIыналъэхэр з3рыз3дэлэжьэнум теухуа з3гурыIуэныгъэр з3ращIыIлаУэ щытащ.

Адыгэ Республикэм и Президент къулькъур щIрихьэкIа илъэсхэм Джарым Аслъэн къэралыгъуэр гъэбыдэныкIэ, щэнхабз3м, е1ъэджэныгъэм ехьулIэныгъэфIхэр щы3эIрагъэхьэныкIэ, лъэпкъхэм яку дэлъ з3хущытыкIэфIхэр егъэфIэкIуэныкIэ, хэхэс адыгэхэр з3пыщIэжьныкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къыпхуэмылъытэнщ.

Лэжьыгъэ и пIалъэ зыщIэ, жьжьаплъэ политикыу з3рыщытым щыхьэт тех1ыу и ехьулIэныгъэ3ппхуэщ къужьы-абхъаз з3пыщIэтыныгъэр з3фIэхэным ар з3рыхэтар. 1992 гъэм и щыщхьэ1у мазэм Кавказ Ищхьэрэм хьыхь щIыналъэхэм я унафэщIхэр хэту а Iэхум теуха з3ущIэр Армавир щы3эхишауэ щытащ Джарымым. Политикэм з3фIэкI лъагэхэр кьы3эрыщигъэлъагъуэм папщIэ Джарым Аслъэн кьыхуагъэфэщауэ щытащ «Кавказым мамырыгъэ щыIэным и гуащIэ з3рыхилъхьэм папщIэ» дунейпсо саугъэтыр.

Республикэр кьыщыныжауэ ящIэ илъэсым Джарымым и жэрдэмкIэ щIыналъэм кьыщы3рагъэпэщащ «Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я з3ныбжьэгъуГъэ» фIэщыгъэщIэр иI э махуэ зыбжанэкIэ з3хэта лъакъуэрыгъажэкIэ щы3эдзжэ з3пеуэ. Адыгейм и мызакъуэу, абы кьы3эщIиубыдащ Урысей Ипщэм и щIыналъэхэр. Лъакъуэрыгъажэ з3пеуэр спорт з3хьэ3эхуэ къудейтэкъым, атIэ щIыхуэр з3къуэ3ы1гъуэв, мамырыгъэм кьыхуеэзджэ Iэ3ху щхьэпэт.

Республикэм и унафэщIым сытым дежи гупсыгъэ хуищащ хэгъэгум и социально-экономикэ зыужьныныгъэм. МылькукIэ щытыкIэ гугъу итми, газкIэ псори кьыз3гъэпэщыным теухуа Iэхугуэр, гъуэгу ухуэныгъэхэр еужьэрэкIыу щы3эфIагъэкIащ. Республикэм и япэ Президент Джарым Аслъэн и щIыналъэкIэ Адыгей къэрал пединститутыр университет ящIащ. Мейкъуапэ къэрал технологие институтыр кьы3эIуахащ, ари иужькIэ университетэу з3рахъуэкIыжащ.

Щэнхабз3 и лъэныкъуэкIэ зы1эрагъэхьа ехьулIэныгъэхэм ящыщщ симфоние оркестр, «Илъэсмей», «Русская удаль», «Казачата», Майкопчанка» ансамблэхэр кьы3эрыз3рагъэпэщар, апхуэдэуи езым я телевиденэ я1эж хъуащ, мэжджыт яухуащ, адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ журналиплI къыдагъэкIын щIадзащ.

Мэжджытым и гугъу пщIымэ, ар ухуэныр си жэрдэмыр Джарым Аслъэнт, абы фIыуэ къыгурыIуэт цIыхухэм я псэм гупсэхугъуэ игъуэтынымкIи дин з3мылIэужьыгъуэхэр зе3ыхьэхэм я кум эгурыIуэныгъэ дэлъныммкIи а Iэхум мыхьэнэшхуэ з3риIэр. Абы трагъэкIуэдэну мылькумкIэ зыкъыщIагъуэну з3ращIылIа з3гурыIуэныгъэр гъ3ззщIа з3рыхъум теухуауэ ар пащтыхьыкъуэ Расэль-Хаймы епсэльэну Хьэрып Эмират З3гуэтым щыIащ. Абы иужькIэ з3ман кIэщIым кьриубыдэу мэжджытыр хьэзыр ящIауэ щытащ. Апхуэдэу Мейкъуапэ щацхуащ члисэ.

Адыгэ Республикэм и Президент къулькъуэ Джарымым унэтIныныгъэ нэхъыщхьэу сытым дежи кьыщилъытар щIыналъэм мамырыгъэ, псэукIэ з3пэщ, абы щыпсэу Iыпхъэхэм яку з3гурыIуэныгъэ, з3ныбжьэгъуныгъэ дэлъныырт. Нобэ Адыгейр з3пIэз3рыту зыужьныныгъэ гъуэгум з3рытетыр куэдкIэ и фIыгъэщ Джарым Аслъэн, апхуэдэуи Урысейм и субъект щхьэхуэу ар з3рызэфIэувамкIэ фIыщIэ яхуэфащэщ абы и ужь итахэу Щэумэн Хьэ3рэт, ТхъэкIуушынэ Аслъэнджэрий сымэ.

ЩIыналъэм зиужьныныр, абы и лъабжьэр гъэбдэныр дэтхэнэ зы унафэщIми и кьалэн нэхъыщхьэщ, республикэм и цIыхухэм я з3ыуэпэщ псэукIэр з3лъытыжар аращи. Нобэ Адыгейр япэ ита тхьэмадзэхэм хэща лъагъуэм тету йофIакIуэ, абы и Iэтащхьэ жьыджэр КъумпIыл Мурат и унафэм щIэту. РБК хъыбарегъащIэ Iуэхущ1эм иригъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьыз3рагъэльагъуэмкIэ, республикэм и цIыхухэм абы и лэжьыгъэр кьыз3рагъэльытам тещIыхьауэ, КъумпIыл Мурат нэхъыфIу кьалъыта щIалъэ унафэщIи 10-м я бжыгъэм хэхуащ.

Зи юбилейр зыгъэлъапIэ Джарым Аслъэн и дежкIэ кьэзгъэзэжмэ, ар бгъэдыхьэпIэ кьызыхуэбгъуэтыфI, зыхэщIыкI зиI э, зе1пIэзэрыту щыт цIыхуу кьыз3рыгуэкIщ. Апхуэдэу щыжьысIэр ар и псалъэм тебгъуэтэжьыфу, цIыхум сытым дежи сэбэп хуэхьуну хущIэкъуу з3рыщытым сэ фIы дыдэу сыщыгъуэзащи аращ. Адыгэ Республикэр щыщыз3рагъэпэщым ар пашэу диIащ, з3фIэувэныгъэ лъэхъэнэ хьэлъэхэри и фэ дэкIащ. Мис абы щыгъуэхэм сэ мызэ-мытIэу з3гъэунэхуащ ар емыз3эщыж лэжьакIуэшхуэу з3рыщытыр, унафэ кьыщтэжэн Iущагъашхуэ з3рыхэлъыр, къэрал гупсысэкIэ з3рилэр, пэжагъыр, цIыхуГэр кьыз3рыдекIуэкIыр. НэхъыфIу кьэсщIыхуэкIэ политик, кьыз3гъэпэщакIуэ Iэ3эм бгъэдалъын хуей акъылыфIагъыр з3рыхэлъым, абы и щыпкъагъым, и чэзум унафэ тэмэмхэр кьищтэфу, цIыхухэм и гулъытэ я1ыгъэсыфу з3рыщытыфым сригушхуэрт. Щэч кьытумыхьэу пхужьIэнущ Адыгэ Республикэм щыпсэу лъэпкъ псоми ар я пашэу з3рыщытар, абыхэм я з3хуакIу мамырыгъэрэ з3гурыIуэныгъэрэ, псалъэкIэ мыхъуу, Iэ3ху дахэхэмкIэ з3рыдилъхьэфар. ЦIыху з3хэгъэж ищIыртэкъым, щIыналъэм ис дэтхэнэми и гъащIэр зыхуэдэм абы и дежкIэ мыхьэнэ иI эт. И лъэпкъым и гуауэр езым и щхьэм хуэдэу зыхищIэрти, ар щынасыпыфIэм гушхуэныгъэ кьыхилъхьэрт. Абы и щыхьэтт махуэ кьэси з3фIигъэкI Iэ3хуфIхэр.

Уи щIыналъэм мамырыгъэр з3гурыIуэныгъэрэ илъмэ, насыпыр щытепщэмэ - абы нэхъ лъапIэ щIэхъеым. Арат зыщIэхъуэпсыр Джарым Аслъэн, и гъащIэри абы триухуащ. Ди деж ар япэ Президенту щытащ ик1и игъащIэкIэ апхуэдэу кьэнэнущ.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ,
АР-м и цIыхуфэ тхакIуэ, Урысейм Лажьыгъэмкlэ и Лlыхъужь.

Адыгейм къеблэгъащ МЧС-м и унафэщI Шойгу Сергей. *1994 гъэ*



Уэлш Джон

Хъыдан гуащэ

Мы тхыгъэр илъэс куэд льандэрэ къалъытэ Колумбием щыщ тхакIуэ Маркес Габриэль Гарсиа ейуэ. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, ар тхакIуэшхуэм и Iэдакъэ къыщIэкIакъым, уеблэмэ тхыгъэр и цIэм зэрыпатхар щыз3хихьжам, и жагъуэ хъуат. «А тхыгъэ мыхьэнэншэр щхьэ сэ стхауэ я фIэщ хъун хуеи?» - жиIа хуэдэуи кърахьк1. «Хъыдан гуащэ» зи фIэщыгъэ, прозэу тха усэшхуэр зэхэзыльхьар театрым гуащэхэр щы-зыгъэджэгу, Перум щыщ артист Уэлш Джону къыщIэкIащ.

Дунейм ехьыжьм и тхыгъэ

СЭ ХЪЫДАН гуащэ къудейуэ сызэрыщытыр Тхьэм зы дакъикъэкIэ зыщIигъэгъупщэрэ гъащIэ Iыхьэ цIыкIу кьызитхьэжащ. Сызэгуэшхуэ псори жысIэну къыщIэкIынтэкъым, ауэ жысIэу хъуам сегупсысынт.

Сыт ищысми и мыхьэнэм елъытауэт уасэ зэрыхуэзгъэувэнур, текIуэдам елъытауэтэкъым.

Нэхъ мащIэрэ сыжеинт, нэхъыбэрэ фIым сехъуэпсэнт, ди нэхэр зэтетIнIэху, нэхуу напIэзыпIэ хыщI зэрыгтIэщIэкIыр зыщIэмыгъэгъупщэу.

Адрейхэм замыгъэхъеймы, сэ сыкIуэнт, зыгуэрхэр жеймы, сыжеинтэкъым. ЖкIэр си тхьэкIумэм изгъэхьэнт, итIанэ сытым хуэдэу зыстIыжьынут сэ шоколад шэIумылкIэ.

Иджыри зы дакъикъэ закъуэ Алыхьым гъащIэм къыслхупищамэ, нэхъ зыщIэрыкIуэу зыслхуэпэнт, дыгъэм сыдэлъынт, бзий хуабхэмэ си Iэпкълъэпкъым и гъусэу си псэри хуит яхуэсщIауэ. Гу сиIэжамэ, ди Тхьэ, абы гужьгъэжьу илъыр мылым тестхэнти, дыгъэр къыкъуэкIыным сыпэплъэнт. Си нэпсхэр гуащэнапщIэхэм ящIэзгъэлъэдэнт, я банэхэр кьызэрысхэуэмрэ я гъэгъа плъыжьхэр си Iупэм къызэреIусэмрэ зыхэсщIэн хуэдэу...

Иджыри гъащIэ тIэкIу сиIэжамэ, ди Тхьэ, зы махуэ блэзгъэкIынтэкъым си гуп щызгъафIэ цIыхухэм фIыуэ зэрыслъагъур яжезмыIэу. Си псэм пэсщI дэтхэнэ зыми фIыуэ зэрыслъагъур и фIэщ сщIынти, фIыльагъум ситхьэкъуаэу сыпсэунт.

ЖьыхуегъэзэкI зэрыхуам къыхэкIыу зыри фIыуэ яхуэмылъагъужу къызыщыхъуэм къагурызгъэIуэнт езы жьыгъэр лъагэныгъэншагъэм къызэрыхэкIыр! Сабийм дамэ естынт, ауэ лъэтэфу зригъэсэн хуэдэу сутIыпщынт. Си ныбжь хэкIуэтахэм я фIэщ сщIынт лIэныгъэр жьыгъэм къызэримышэр, ар щыгъупщэх ухъуным къызэрыхэкIыр.

Сыт хуэдизым зез3ъэса, цIыхухэ, сэ, фэ сынывэплъурэ. Дэтхэнэ зыри щыгум тесыну хуейщ. Ауэ сэ къызгурыIуащ дызыхуэпабгъэ насыпым и къэкIуэкIэр щхьэж ди бгы дэкIыкIэм зэрелъытар.

Сэ къызгурыIуащ сабий цIынэ къалъхуагъащIэм и адэм и Iэпхъуамбэ иубыдар игъащIэкIи зэриIыгъынур.

Къызгурыlуащ цIыхур езым хуэдэм хуеплъыхьну зэрыхуимытыр, ар къигъэтэджьжьын мурад имыIэмэ.

Иджыри Iэджэм зезгъэсэфынут, цIыхухэ, фэ сынывэплъурэ, ауэ къысхуэщхьэпэжьну хъункъым а псор, сыту жыIпIэмэ, мы пхъуантэм сыдалъхьэжа нэужь, сэ, дауи, си псэр хэтыжьнукъым.

ЗыхэпщIэр зэи умыбзыщI, узэгупсысыр щIэ.

Нобэриз3м фIэкIа ужеиуэ сыпIупплъэну Iэмал симыIэжьну сщIамэ, Iэплъэ быдэ пхуэсщIынти, Тхьэм мелыIыч хъумакIуэу сыпщхьэщигъэувэну сельэIунт. Нобэриз3м фIэкIа бжитI з3хуакум удэкIыу уэмылъагъужьну сщIамэ, сыпкIэлъыджэнт, зыносщIынти, гукIэ пхузесхьэр уи пкъымрэ уи псэмрэ къалэщIэзнэнт. Уи макъыр нобэриз3м фIэкIа си тхьэкIумэм къимыуэжьну сщIамэ, жыпIэ псори езгъэтхынт, аргуэру, аргуэру кьезгъэгъэзэжурэ седэIуэжьн хуэдэу. Иджыпсту дыз3ыр дакъикъэр дэкIмэ, афIэкIа зи дыз3хуэмыз3жьну сщIамэ, фIыуэ ущыз3мылъагъу дакъикъэ къыз3рысхуимыхуэхэр бжеIэнт, сигукIэ: «Ар армырами ещIэ, щхьэкъэб», - жызмыIэу.

Пщэдейхэр сыт щыгъуи ди куэдщ, гъащIэм Iэмал кьыдет псори зэдгъэзэхуэжьну. Ауэ сыщыгуэрэ нобэриз3м фIэкIа къэмынэжауэ кьыщIэкIмэ, си гум куущэу уэзрилъри ар зэи уздимыIэпхъуКIыжьн уи игъащIэрей хэщIапIэу зэрыщытри бжеIэнт. Жьыри щIэри бэлэрыгъ хъунукъым, пщэдейрей махуэр къэсыным щыгугъыу.

ФIыуэ плъагъуэхэр нобэ фIэкIа умылъагъужьнкIи мэхъу. Араши, зыми упэмплъэу, нобэ хуежьэ. Пщэдейр зэи къэмысмэ, зы гуфIэкIэ, зы Iэплъэ, зыба уигу щыпмыкIа махуэм ущIэбэми ульэмыIэсыжу, иужьрей хъуэпсапIэр з3бгъэхъулIэну уэзрыхуIэмыкьам ухущIегъэнукъым упсэунущ.

Уи Iыхьлыхэм защIэгъаныхуэ, иIущащэ я тхьэкIумэхэм ахэр уимыIэу уэзрымыпсэуфынур, фIыуэ лъагъу ахэр, ящысхь, къэгъуэт зэман «сыту сыхущIегъужьа», «кхъыIэ, къысхуэзгъэгъу», «сытыт уэ нэмыщIамэ сщIэнур» яжеIэну, лъагъуныгъэр зэрагъуатэ псалъэу пщIэхэм ущымысхь.

Зыми игу укъинэжькъым уи гупсысэхэм я фIыгъэкIэ. Алыхьым елъэIу зыхэпщIэр къызэрыIуэтэн бзэ уигъэщIэну, абы уэзрытегушхуэн кьарурэ Iущыгъэрэ кьуитыну. Егъэльагъу уи ныбжьэгъухэм ахэр уи дежкIэ зэрыльапIэр. Иджыпсту ар яжумыIэмэ, пщэдейрей махуэр нобэрейм ещхьыркъабзэу екIуэкIынущ. Зэи ар умыщIэмэ, зыми мыхьэнэ иIэххэкъым. ТеIэбэ уи гуращэхэм. А дакъикъэр къэсащ!

Зэзыдзэкlар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

ЛIы ахъырзэман

ЦIыхур зыгъэбжьыфIэр зэфIигъэкIхэрщ. Абы и IэхущIафэхэм быдзу елъытащ хуащI пщIэри, щIыхьри. И акъылкIэ, лIыгъэкIэ лъэпкъым къыхэжаныкIамэ, тхыдэм къыхонэ. Апхуэдэхэр куэд хъуркъым икIи псоми я дежкIэ щапхъэщ щытхэщ Щхьэлахъуэ Iэбуи, Щэумэн Хьэзрэти, Джарым Аслъэни, Мэшбащ1э Исхьэкъи, нэгъуэщIхэри.

АДЫГЭ лъэпкъыр къэралыгъуэ иIэным лIэщIыгъуэ куэдкIэ зэрыщIэхъуэпсам хэти щыгъуэзэщ. Адыгэ Республикэм ар къыщежьулIар Джарым Аслъэн и тетыгъуэрщ. Абы и зэманыращ ди лъахэм езым и конституцэ, гимн, бэракъ, герб иIэ щыхъуар.

Джарым Аслъэн и акъылкIэ, ерыщагъкIэ, зэфIэкIкIэ кьехъулIащ ди лъахэм щыпсэу адыгэхэм я зыужьныныгъэм и лъэхъэнэщIэ кьызэIуихьи. ЖыдмыIэми, хуабжьу гурыIуэгъуэщ ар абы и дежкIэ тыншу зэрыщымытар. Жьыжьэрыплъэу щымыт, гулыщI зимыIэ нэгъуэщI и пIэ итамэ, мыпхуэдэу жиIэнкIэ хъунт: «Мыбыхэм кьрагъэжьар хъунукъым, абы кьикIын щыIэкъым, ди пIэ дисыжмэ нэхъыфIщ». Арати, псори зэрыщытауэ кьэнэжьыкIэ хъунут.

«Октябрь революцэр илъэситху ирикъуауэ адыгэхэм автономие яIэ хъуащ. Ди тхыдэджхэм нобэ абы куэдрэ и гугъу ямыщIыжми, а Iэхум адыгэ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Я хэкужь кьина лъэпкъ цIыкIум щыщхэм езыхэм я щхьэ унафэ ящIыжу псэуну хуит хъуащ, лъэпкъышхуэхэм яхуэдэу», - щетхьж и тхылъым Джарым Аслъэн.

Зи хэкум кьина адыгэхэр зыкъомкIэ нэхъ мащIэт абы кьэкIуауэ щыпсэухэм нэхърэ. Мыбдеж республикэм ущегупсысыныр щхьэгъэпцIэж хуэдэт. Илъэс хыщI хуауэ зыихэт Краснодар крайм ар кьыхэшыфыну зи фIэщ хуэхэр мащIэт. АрщхьэкIэ «ЩхьэхуэщIыгъи, дыкъонэжь» псэлъафэр и тегъэщIапIэу Адыгейм хуэзэфIэкIащ щхьэхуэ зищIын. Ар куэдкIэ зи фIыгъэри нобэ зи гугъу тщIы цIыхурщ.

Адыгейм и тхыдэр къапщтэмэ, Джарым Аслъэн и закъуэщ парт, къэрал Iэнатlэхэр зезыхьар. Ар зэман зэмылIэужьыгъуэхэм КПСС-м и Адыгей обкомым и япэ секретару, цIыхубэ депутатхэм я Адыгэ Хэку Советым и тхьэмадзэу ик1и АР-м и Президенту лажьащ.

1991 гъэм адыгэ лъэпкъым и япэ зэхуэс ек1уэкIащ. Мыбдеж мыхьэнэшхуэ щIэт республикэ ухуэкIэм ухуэкIуэным щыIащ. Джарым Аслъэн и фIыгъэкIэ АР-м и Президенту лажьащ.

1994 гъэм мэкъуауэсгъуэм и 21-м УФ-м и Президент Ельцин Борис ди щIыналъэм щыпсэухэм закъыхуигъэзащ. Абы жиIащ адыгэхэм Кавказ зауэм езыхэм я щхьэхуитныныгъэр зэрыщахъумар, ахэр лIыгъэ яхэлъу урыс пащтыхьым и дзэхэм зэрапэщIэтар. Иджы псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэ зиIэр щIыналъэм щыпсэухэм я зэгурыIуэныгъэр хъумэныщ.

Джарым Аслъэн щIыналъэм и унафэщIу щыщытам куэд зэфIагъэкIащ ди лъахэм кьина адыгэхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуа ди лъапкъэгъуэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хуэгъэзауэ. Абы и фIыгъэкIэ хэхэсхэр я адэжь лъахэм ящэшэжьныр къэрал Iуэху хъуащ. Мыбдеж щIэгъэкъуэн кьыщащIащ УФ-м и МИД-р. 1997 гъэм АР-м и «Репатриантэхэм я Iэхуэкlэ» и законыр кьыщащIащ. Абы и Iэужьщ адыгэ гупыщхуэ Косовэ щIыналъэм кърашыжу Адыгейм кьызэрашэжар. Апхуэдэу Джарымырщ зи фIыгъэр Адыгейм и Iэхуэщ1апIэ Москва кьызэрыщызIэухаэри. Ар уваущ ди лъахэм и къэралыгъуэ мыкъутэжьнум и дамыгъэу.

Куэд мэхъу а лIы хъарзынэм и зэманым ди республикэм щызэфIагъэкIахэр. Ахэращ абы и цIэр тхыдэм къыхэзынари.

СИХЪУ Гуащэнагъуэ.

Нобэ Москва къыщызэIуах «Черкес FM» радиостанцыр

Москва и Vegas City Hall утыкум щэкIуэгъуэм и 6-м щекIуэкIынщ адыгэ эстрадэм и уэрэджыIакIуэхэм я концерт ин, «Черкес FM» музыкэ-нэгуэныжь радиостанцыр къызэрызэIуахьи и щIыхькIэ. Ар и проектщ продюсер Хьэцей Тимур.

IУЭХУ дахэм хьыкъу, Vegas City Hall Iэхущапlэм и пIущIэ пэшым щагъпльэгъуэнущ зи фэилъхьэгъуэхэр Иорданием и принцессэ Аль-Брахими Рим, дуней псом и щIыналъэ къудым щыпсэу нэгуэщI цIыху гъэщIэгъуэнхэм зэрахьэ дизайнер цIэрыIуэ Сэралъп Мадинэ и Iэдакъэ къыщIэкIа, сом зы мелуанрэ ныкъуэрэ зи уасэ бостей тельыджэр.

Художник-модельер Сэралъп Мадинэ и лэжьыгъэхэр щахъумэ Урысейм и этнографие музейм (Санкт-Петербург), Къэрэшаем и Къэрал музейм (Мейкъуапэ), Урысейми хамэ къэралхэми щыщу абы и фэилъхьэгъуэхэм дахьэх цIыхухэм зэхуахьсэ. Адыгэ дизайнерым и лэжьыгъэхэм екIуу щызэхелъхьэ европей эстетикэмрэ гъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмрэ я фIыпIэр. Vegas City Hall утыкум япэу щагъэлъэгъунущ Мадинэ и иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщ, лъэпкъ дамыгъэхэр Iэзэу щызэхиухэна фащэр. IэщIагъэлIхэм къызэралъытамкIэ, а бостейм музейр ирибгъэдэхэну хуэфащэщ икIи абы сом мелуанрэ ныкъуэрэ и уасэщ.

Дизайнерым зэрыжиIамкIэ, бостейр щIагъэлъапIэр къызыхэщIыкIа щэкIыракъым, атIэ абы и дыкIэм и кIуэцIымкIи и щIыIумкIи екIуу зэрыбгъэдыхьарц. Ар зыгъэдахэр Iэкlэ зэрыхэдыкIа уагъэмрэ щIыгъу хьэпшыпхэмрщ. Ахэр мывэ лъапIэхэм къыхэщIыкIа дыжьын бгъэлуIулъмрэ бгырыпхымрщ. «Апхуэдэ бгырыпхыр унагъуэм кIихьуэхэм зэIэпахыу лIэщIыгъуэкIэрэ къеклуэкI хабзэщ, и уасэми и пщIэми хэхъуэ зэпыту», - жеIэ Сэралъп Мадинэ.

Фэилъхьэгъуэм Iэпщlэлъапщ Итх мазитIым щIигъуклэ елэжьащ. Сэралъпым фащэм и тхыдэми иджырей фэилъхьэгъуэхэм я щхьэхуэныгъэхэми фIыуэ хещIыкI. Ар икIи щэнхабзэмрэ гъэуазджэмрэ я щIыку цIэрыIуэхэм ядолажьэ, пащтыхь унагъуэхэм щыщхэм зэпыщIэныгъэхэр яхуиIэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, аращ Иорданием и Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и принц Алий и щхьэгъусэ гуащэ Аль-Брахими и хьэгъуэлIыгъуэм зэрызигъэдэха фэилъхьэгъуэр хуэзыгъэхьэзырыр. Дизайнер гъуэзджэм фIыуэ хэзыщIыкIэм ар Iэпщlэлъапщlагъэм и щалхъуэ къалъытащ. Бостейр зэрыгъэдэха цIугъэнэхэр и Iэрыкlыц дыщэкI цIэрыIуэ Бутаевым ящыщ.

«Черкес FM» музыкэ-нэгуэныжь радиостанцэм едэIуэну гупыжь зыщIхэм абы и къихьlпIэр щэкIуэгъуэм и 6-м я телефонхэм трагъатхэ хьунущ. Vegas City Hall утыкум а пщIыхьэщхьэм адыгэ уэрэдхэр щыжаIэнущ. Абы екIуэлIэну хьэщIэхэм Iэмал яIэнущ адыгэ музыкэ щэнхабзэм, уэрэдхэм, къафэхэм зыхъугъэгъэзэну. ЦIыхур зыщыщ лъэпкъми, зэрыт динми емылъытауэ, макъамэм и бзэр псоми къагуроIуэ. Москва япэу зы утыку зыкъыщагъэлъэгъуэнущ адыгэ артист цIэрыIуэхэу Нэхущ Чэрим, Быщтэ Азэмэт, Дзыбэ Мухьэмэт, Апэнэс Астемыр, Кьэзан Сэтэней, Хъыжьыроклуэ СупытIан, Сокъур Ольгэ, Лыбзу Аслъэн, Хекилаевэ Дениз, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Черкесия» къэфакIуэ ансамблым, концертым и хьэщIэхэу Царикати Феликс, Текуев Амур, Каримов Ренат, Третьяк Татьянэ сымэ.

ФИЛИППОВ Константин.

● Хъыбар гуапэ

● Банк Iуэху

Сом мелуан 27-м щIигъу щIыхуэу ярет

«Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм 2019 гъэм мэкъумэш техникэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къагъэщIэрэщIэн папщIэ щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм щIыхуэу яритащ сом мелуан 27-м щIигъу, льготэ кредит программэм ипкъ иткIэ, илъэсым проценти 5 фIэкIа щхьэщамытыкIыу.

«РОССЕЛЬХОЗБАНК» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Сокъур Алим зэрыжиIащи, яIэрыхъэ щIыхуэм и фIыгъэкIэ мэкъумэшыщIэхэм зыхуэй хуэзэу зэфIагъэкIащ хэсэгъуэмрэ къехьэлIажьгъуэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр, техникэр къагъэщIэрэщIэныжьмкIи сэбэн яхуэхъащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● ХъыбарегъащIэ

Журналистхэм я зэпеуэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ къыщIэгъэпэщащ «2019 гъэм и журналист лэжьыгъэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэр.

ЗэпеуэР мы унэтIыныгъэхэмкIэ ирагъэкIуэкI: «Печать тхыгъэ нэхъыфI», «Интернет тхыгъэ нэхъыфI», «Телепрограммэ нэхъыфI», «Радиопрограммэ нэхъыфI».

Зэхьэзэхуэм хэтыну ирагъэблагъэ КъБР-м и цIыхубз хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я творческэ лэжьакIуэхэр, техникэр къагъэщIэрэщIэныжьмкIи сэбэн яхуэхъащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● ХъыбарегъащIэ

Журналистхэм я зэпеуэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ къыщIэгъэпэщащ «2019 гъэм и журналист лэжьыгъэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэр.

ЗэпеуэР мы унэтIыныгъэхэмкIэ ирагъэкIуэкI: «Печать тхыгъэ нэхъыфI», «Интернет тхыгъэ нэхъыфI», «Телепрограммэ нэхъыфI», «Радиопрограммэ нэхъыфI».

Зэхьэзэхуэм хэтыну ирагъэблагъэ КъБР-м и цIыхубз хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я творческэ лэжьакIуэхэр, техникэр къагъэщIэрэщIэныжьмкIи сэбэн яхуэхъащ.

Зэпеуэм теухуа Iэхэугъуэхэм нэхъ зыубгъуауэ зыщыкIэгъэгъуэзэ хьунущ КъБР-м и Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и сайтым щIиз «Зэпеуэхэр» Iыхьэм.

Тхыгъэхэр 2019 гъэм дыгъэгъаз и 21 пщIондэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм евгъэхь хьунущ (Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ проспект, 5, 5-нэ къат, пэш №507-м е мы электрон пощтым: raziatk9@mail.ru). УпщIэ зи Iэхэр фыпсалъэ хьунущ мы телефонымкIэ: 89287241270 - Шаваевэ Разият.

Комиссэм хэтхэм къапщытэнущ унэтIныгъэ къэс ягъэхьа лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

Зэпеуэм къыкIуэхэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щызэбграгъэхьнущ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр 2020 гъэм и щIыналъэм Урысей печатым и махуэм ирихьэлIэу ягъэлъапIэнущ.

БЖЬЫХЪЭЛI Роза.

Щэблэр бгъасэмэ - къыпхуосакъыж, бгъэсэхъумэ - лъабжьэкIэ уехь

«Зы илъэскIэ ипэкIэ уплъэмэ, жылэ хэсэ, илъэсипщIкIэ ипэкIэ уплъэмэ, жыг хэсэ, илъэсищэкIэ ипэкIэ уплъэмэ, цIыху гъасэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым.

ЦIыХУ бгъэсэныр, лъэпкъым хуэфащэу къэбгъэхъуныр лэжьыгъэ тыншкъым. А лэжьыгъэ мытынышу адэ-анэхэм я гъуэсу зи пщэ къыдэхуэр дэращ, егъэджакIуэхэрщ.

Адыгэ лъэпкъым сабийр зыщIэтпIыкIын хабзэ дахэ куэд диIэщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди ефжанIэр зэлэжь темэм и зы унэтIныгъэщ адыгэ хабзэр гъэсэныгъэм и лъабжьэу щытын зэрыхуейр. Абы ипкъ иткIэ, нэхъ куууэ а Iуэхугъуэм сабийжэр хэша хъун папщIэ, 2018 гъэм ди адыгэ хьихьащ республикэ и проект хьэлэмэтым. Темэуи къэтщтащ «Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм ябыдекIуэкI хьугъуэфIыгъуэр, адыгэ хабзэр, сабийжэм я гъэсэныгъэм лъабжьэ хуэщIыныр, лъэпкъэм я зэхуаку дэлъын хуей лъагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, шыIэныгъэр щIэблэм яхэпщэныр».

Нобэ щIэблэр мы гъащIэ мытынышм зыщыIууэ гугъуехьхэми ямыгъэзгужьейуэ, хабзэм и фIыр кьыхэхауэ, сытым дежи адыгэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щыта хабзэхэр мыгъэкIуэдауэ, абы тету гъэсэныкIэ еджапIэм дубзыхуэ программэхэр дэIэпыкъуэгъушхуэ хьунущ.

Программэм къыхэригъэувыкIэ, тхьэмахуэм зэ, дерс нэужьым 1-9-нэ классхэм щIэс адежкIуэ цIыкIухэм ядолажьэнущ класс унафэщIэр, 10-11-нэ классхэм я еджакIуэхэр «Хабзэхъумэ» гупжьейм хэтынущ.

Проектыр лажьэнущ 2020 гъэ пщIондэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми абы зедгъэужьынущ.

ЗАПТИЙ Татьянэ,
Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщI.

● Суд приставхэм къат

ЦIыхухэм яхуозэ

2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м сыхьэт 14-м щегъэжьауэ 18 хъуху Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI - Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставхэм нэхъыщхьэ Бауаев Ахьмэтрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж Сабийжэм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэ Лъынэ Светланэрэ Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу (УФССП) КъБР-м щыIэм и Налшык къалэ къудамэм цIыхухэм щахуэзэнущ. **ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, унэ 202-б.**

Абыхэм яхуэзэну хуей цIыхум иIыгъын хуейщ и паспортыр. Ирагъэзэну зебгъэтх хъунущ мы телефонхэмкIэ: **(88662) 97-62-36, 97-60-81.**

Щыхьмырзэ ФатIимэ и ехъулIэныгъэ

● Шахматхэр

Шахмат псынщIэхэмкIэ Урысей Федерацэм и кубокым и Гран-при РАПИД Iыхьэр Мэхъэчкъалэ щызэхэтащ. Зэхьэзэхуэм къурихьалIат ди къэралым и щIыпIэ пщыкIублым кьикIа спортсмени 100-м щIигъу.

ДАГЪЫСТЭНЫМ и къалащъхьэ къущыдзэхуэсахэм яхэтт дунейпсо гроссмейстеру 10, дунейпсо мастеру 6, ФИДЕ-м и мастеру 7. Ахэр псори ерыщу щIэбэнащ Урысей Федерацэм шахмат псынщIэхэмкIэ и кубокым.

Хуабжьу гуапэщ а зэхьэзэхуэ иным ди лъахэгъу Щыхьмырзэ ФатIимэ къызэрыщыхъужаныкIар. Абы очкоибл зыIэригъэхьащ икIи и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ, Саратов областым щыщ Кованов Баирэ зымащIэ дыдэкIэ къыпикIуэтауэ аращ.

Щыхьмырзэ ФатIимэ шахмат псынщIэхэм и цIэр фIыкIэ зэрыщыIурэ куэд щIакъым. Урысей Федерацэм и кубокым и Гран-при РАПИД Iыхьэм щыщыхьа дыжьын медалыр абы и япэ ехъулIэныгъэ инщ икIи дяпэкIи дызэригъэгуфIэнум шэч хэлъкъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Алания» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 8:0 (4:0). Владикавказ. «Спартак» стадион. Щэкlуэгъуэм и 3-м. Цыху 2000 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Петров (Астрахань), Клепцов (Дон Iус Ростов).

«**Алания**»: Бураев, Бутаев (Цакоев, 62), Кобесов Дм. (Черчесов, 64), Качмазов, Хабалов, Хадарцев (Гурциев, 57), Магомедов (Кобесов Дав., 59), Хугаев, Засеев, Шавлохов, Мэшыкъуэ.

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Клышэ, Стригэ, Сындыку, Ольмезов, Хьэшыр, Дзхъу (Салахетдинов, 67), Iэпщlащ, Шакваев (Дзэмыхъ, 18), Ашу (Машэжь, 67), Бацэ.

Топхэр дагъэкIащ: Мэшыкъуэм, 26 (1:0). Хабалевым, 30 (2:0). Хугаевым, 37 (3:0). Хадарцевым, 43 (4:0). Гурциевым, 58 (5:0). Хабалоувм, 60 (6:0). Хугаевым, 86 (7:0). Мэшыкъуэм, 90 (8:0).

Дагъуэ кьыхахуащ: Сындыкур.

12-нэ дакъикъэм Хадарцевым пенальтир худэгъэкIакъым.

МАЗЭРЭ ныкъуэрэ хъуауэ зыри хэзымыгъэщIэфа икIи иужь джэгуГъуищым я хьэрхуэрэгъэгъэм топ яхудзэымыгъэкIыфа «Спартак-Налшыкымрэ» иужь зэIущIэ пщыкIуэм псоми щатекIуа «Алания»-мрэ щэкIуэгъуэм и 3-м Владикавказ зэрыщыIэзхуэзэнум къриклуэнур хузбгъэфэщэну гугъутэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм дзщI цIыху куэд гъунэгъу республикэм кIуащ, ди щIалэхэр зэралъэкIкIэ трагъэгушхуэну.

Налшык и «Спартак» стадионым къыщIэзэхуэр хабзэ цIыхуи 150-200-м хуэдизщIкIэ нэхъыбэ «Алания»-м щIыныр, лъэпкъэм я зэхуаку дэлъын хуей лъагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, шыIэныгъэр щIэблэм яхэпщэныр».

Нобэ щIэблэр мы гъащIэ мытынышм зыщыIууэ гугъуехьхэми ямыгъэзгужьейуэ, хабзэм и фIыр кьыхэхауэ, сытым дежи адыгэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щыта хабзэхэр мыгъэкIуэдауэ, абы тету гъэсэныкIэ еджапIэм дубзыхуэ программэхэр дэIэпыкъуэгъушхуэ хьунущ.

Программэм къыхэригъэувыкIэ, тхьэмахуэм зэ, дерс нэужьым 1-9-нэ классхэм щIэс адежкIуэ цIыкIухэм ядолажьэнущ класс унафэщIэр, 10-11-нэ классхэм я еджакIуэхэр «Хабзэхъумэ» гупжьейм хэтынущ.

Проектыр лажьэнущ 2020 гъэ пщIондэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми абы зедгъэужьынущ.

ЗАПТИЙ Татьянэ,
Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщI.

● Футбол

Пшагъуэм хэгъуэщыхьахэр

«Алания» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 8:0 (4:0). Владикавказ. «Спартак» стадион. Щэкlуэгъуэм и 3-м. Цыху 2000 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Петров (Астрахань), Клепцов (Дон Iус Ростов).

«**Алания**»: Бураев, Бутаев (Цакоев, 62), Кобесов Дм. (Черчесов, 64), Качмазов, Хабалов, Хадарцев (Гурциев, 57), Магомедов (Кобесов Дав., 59), Хугаев, Засеев, Шавлохов, Мэшыкъуэ.

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Клышэ, Стригэ, Сындыку, Ольмезов, Хьэшыр, Дзхъу (Салахетдинов, 67), Iэпщlащ, Шакваев (Дзэмыхъ, 18), Ашу (Машэжь, 67), Бацэ.

Топхэр дагъэкIащ: Мэшыкъуэм, 26 (1:0). Хабалевым, 30 (2:0). Хугаевым, 37 (3:0). Хадарцевым, 43 (4:0). Гурциевым, 58 (5:0). Хабалоувм, 60 (6:0). Хугаевым, 86 (7:0). Мэшыкъуэм, 90 (8:0).

Дагъуэ кьыхахуащ: Сындыкур.

12-нэ дакъикъэм Хадарцевым пенальтир худэгъэкIакъым.

МАЗЭРЭ ныкъуэрэ хъуауэ зыри хэзымыгъэщIэфа икIи иужь джэгуГъуищым я хьэрхуэрэгъэгъэм топ яхудзэымыгъэкIыфа «Спартак-Налшыкымрэ» иужь зэIущIэ пщыкIуэм псоми щатекIуа «Алания»-мрэ щэкIуэгъуэм и 3-м Владикавказ зэрыщыIэзхуэзэнум къриклуэнур хузбгъэфэщэну гугъутэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм дзщI цIыху куэд гъунэгъу республикэм кIуащ, ди щIалэхэр зэралъэкIкIэ трагъэгушхуэну.

Налшык и «Спартак» стадионым къыщIэзэхуэр хабзэ цIыхуи 150-200-м хуэдизщIкIэ нэхъыбэ «Алания»-м щIыныр, лъэпкъэм я зэхуаку дэлъын хуей лъагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, шыIэныгъэр щIэблэм яхэпщэныр».

Нобэ щIэблэр мы гъащIэ мытынышм зыщыIууэ гугъуехьхэми ямыгъэзгужьейуэ, хабзэм и фIыр кьыхэхауэ, сытым дежи адыгэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щыта хабзэхэр мыгъэкIуэдауэ, абы тету гъэсэныкIэ еджапIэм дубзыхуэ программэхэр дэIэпыкъуэгъушхуэ хьунущ.

Программэм къыхэригъэувыкIэ, тхьэмахуэм зэ, дерс нэужьым 1-9-нэ классхэм щIэс адежкIуэ цIыкIухэм ядолажьэнущ класс унафэщIэр, 10-11-нэ классхэм я еджакIуэхэр «Хабзэхъумэ» гупжьейм хэтынущ.

Проектыр лажьэнущ 2020 гъэ пщIондэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми абы зедгъэужьынущ.

ЗАПТИЙ Татьянэ,
Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщI.

● Тхэквондо

ТIэунейрэ къэралым и чемпион

Къэзан къалэм щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (WTF) Урысейм и чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 21-м икIа спортсмен 280-рэ.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 73-м нэблагъэхэм я гупым и финалым нэса КъБР-м щыщ Хан Полинэ кIэух зэIущIэм 8:1-уэ щефIэкIащ Челябинск областым щыщ Животковэ Ариндэ икIи етIуанэу къэралым и чемпион хуауащ.

Полинэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ростов областымрэ я цIэкIэ утыку къохьэ. Ар ягъасэ Хан Артуррэ Ахьмэт Амиррэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Бэнэкlэ хуит

Щыналъэм и кубок нэхъыщхьэм щIэбэну

Къулыкъужьым Ищхьэрэ къуажэм дэт спорткомплексым щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ Бахъсэн районым и кубокыр къэхьыным екъэIауэ 2005-2006 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ зэIуха.

САУГЪЭТ нэхъыщхьэм щIэбэныну къурихьалIат Тэрч, Аруан, Лэскэн, Щэрдж, Щэджэм, Прохладнэ, Бахъсэн щыналъэхэмрэ Налшык, Бахъсэн къалэхэмрэ я командхэр. АбыкIэ хъыбар дигъэщIащ Бахъсэн щыналъэ администрацым и пресс-Iэнатlэм и унафэщI **Чылар Аринэ.**

Зэхьэзэхуэр къыщыщIэIуахым къарагъэблагъащ Бахъсэн щыналъэ администрацэм, КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм, КъБР-м и федерацэм я унафэщIхэр, Бахъсэн щыналъэм хыхьэ жылагъуэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, спорт зэгухьэныгъэхэм кьиклаэр.

Зэпэщlэтыныгъэ дахэ, удэзыхьэх къагъэлъэгъуэну зэхьэзэхуэр щыщIидзэм спортсменхэм ехъэхуауащ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур.

ЗэIущIэ гуащIэхэм пашэныгъэр щауфыдащ Аруан районым и бэнакIуэхэм. Налшыкдэсхэр - етIуанэщ. Бахъсэн щыналъэм и гупыр ещанэ хъуащ.

«Бахъсэн-Автозапчасть» ООО-м къыбгъэдэкIыу «Техникэ нэхъыфI къыщIэгъэлъэгъуэм папщIэ» кубок щыщхьэхуэрэ грамотэрэ хуагъэфэщащ Бахъсэн щыналъэм и бэнакIуэ Шыгъэлыгъуэ Айдэмыр.

Хъуэхъу псалъэхэмкIэ спортсменхэм захуигъэзащ Бахъсэн щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур: «Дэтхэнэ зыми нобэ бэнэкIэ дахэ, къикIуэт зымыщIэ, и хьэрхуэрэгъуэ пщIэ хуэщIын зэрыхуейр къыгъэлъэгъуащ. АдэкIи лъагапIэщIэхэр къызэрэнэкIыну си гуапэщ».

Чемпионхэр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм зэрыщыщIэфIэувэм тепсэлъыхьащ икIи текIуэкIэрэ къыхэжаныкIахэмрэ ехъэхуауащ бэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм и командэ нэхъыхэм и тренер нэхъыжьэ Тембот Анзор.

Зэхьэзэхуэр къыщызыгъэпэща Бахъсэн щыналъэ администрацэм, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм, КъБР-м Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм фIыщIэ хуащI спонсорхэмрэ щыналъэм и хьэрычэтыщIэхэмрэ.

ЗэIущIэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыщхьэжаныкIахэмрэ кубокхэр, медалхэр, грамотэхэр, ахъшэ саугъэт сом 5000, 3000, 2000 иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Щэджэм къалэм дэт курыт школ №3-м и адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэдкIэ щезыгъэджа **Алокъуэ Марие Владимир и пхъур** дунейм зэрехьжар гущIыхьэ ящыхъащ абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыциджэжам, и лэжьэгъуу, ар зыцIыхуу щытахэм. И Iэнатlэм хьэлэлу зэрыпэрытым папщIэ Марие мызэ-мытIэу ягъэпэжат КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкIэ управленэм я щIыхь тхыльхэмкIэ, «ЦIыхухэм щIэныгъэ етын Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэрэ къыфIащат.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкIэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэтехным - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 20I6 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр I56-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *суэтехэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.060 ● Заказ №989